



**Orange Township Public Schools**  
Rosa Parks Community School  
**Debra Joseph-Charles, Ed.D. Principal**



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Superintendent of Schools

Mr. Joshua Chuy, Direktè Asistan  
Mr. Terence Wesley, Direktè Asistan

24 Out 2020

Chè Paran, Gadyen, ak Siveyan/Swenyè yo,

Ekip administratif Rosa Parks Community School la salye epi prezante bonjan souwè a ou menm ansanm ak tout manm fanmi w. Mwen espere ke w rete ansekitrite epi ke ou te gen pran kék tan yo pout e jwi ete a ak fanmi w. Kòm n'ap gade pou pi devan pou kòmanse ane lekòl 2020-2021 an, nou dwe premye reflechi sou ane lekòl 2019-2020 an. Premyèman, mwen ta renmen felisite fanmi Rosa Parks Community School yo pou detèminasyon, detèminasyon, ak asistans ou nan asire byennèt tout élèv nou yo pandan sa ki kapab dekri sèlman kòm yon moman difisil pou tout moun. Pandan ke n'ap tann kòmansman nouvo ane lekòl la, mwen ta renmen asire w ke Lekòl Piblik Distri Orange, an jeneral, ak ekip administratif Rosa Parks Community School la, an patikilye, nou dedye pou travay avèk ou pou sipòte kwasans sosyal, emosyonèl, akademik ak entelekyèl élèv nou yo, menm nan tan ki diferan ak sa nou konnen kòm nòmal la.

An jiyè, RPCS te reamenaje pou reflete yon modèl lakou lekòl la. Elèv ki nan klas Jadandanfan jiska 2yèm ane yo te asiyen nan nouvo Central Elementary School la. Elèv ki nan twazyèm ane jiska setyèm ane yo te asiyen nan RPCS. Kolèg epi patnè mwen, Madam Denise White, kounye a se li menm ki direktris eksepsyonèl Central Elementary School la. Nou te travay ansanm tout sezon ete pou kontinye tout gwo travay ke ou familiarize avèk yo déjà. Nou pral kontinye kolaborasyon sa a pou asire ke nou deplase de lekòl eksepsyonèl sa yo soti de Bon a Ekselans. Tanpri jwenn ak mwen pou nou ba li yon akèy cho. Mwen espere ke nou kontinye travay ansanm.

Kòm ou okouran, toujou gen kesyon, enkyetid, anksyete, ak ensètitid nan sa ki gen rapò ak plan pou relouvri lekòl yo. Sipèéntandan an, Dr. Gerald Fitzhugh, II te òganize plizyè reyinyon, li te voye enfòmasyon, epi li te òganize reyinyon nan City Hall Vil lan pou adrese plan distri a pou relouvri lekòl la, ki pèmèt tout sitwayen kominate a pran pati nan diskisyon yo sou kòman yo ka relouvri san danje. Madi, 11 Out 2020 an, Konsèy Depatman Edikasyon an apwouve Plan B, jan sa endike nan Plan pou relouvèti lekòl la (tanpri al gade Gid/Direktiv Relouvèti Lekòl 2020-2021 an). Plan B ap estriktire pou adrese bezwen elèv nou yo pandan ke w'ap swiv règleman sou sante ak sekirite Depatman Edikasyon an dekri a. Baze sou Plan B a:

- 8 Septanm 2020, jiska 25 Novanm 2020 (Faz1 (100% Aprantisaj Vityèl) ak Faz 2 (Ansèyman Vityèl/ a distans Senkwonik), tout elèv yo pral ale lekòl nòmalman.
- 30 Novanm 2020, jiska 23 Desanm 2020 (Faz 3 Lansman Gradyèl/Soup), **elèv ki bezwen sipò adisyonèl ap retounen sou sit lekòl la dapre yon orè ak jopu abreje.**
- 4 Janvye 2021, jiska 24 Jen, 2021 (Faz 4: Re-antre Konplè/A Plen Tan), **tout elèv yo ap retounen nan sit lekòl la dapre yon orè ak jou abreje.**

**Vandredi nan** Tanpri gade kék enfòmasyon trè enpòtan konsènan nouvo pwosedi lekòl la ki aliyen ak Gid/Direktive pou Relouvèti Lekòl la yo ki enkli anba a. Ou pral resevwa plis enfòmasyon sou sa ansanm ak opòtinite pou vin pran materyèl ak aparèy elektwonik nan sesyon **Reyinyon Relouvèti Vityèl (Virtual Open House) nou an** (2 ak 3 Septanm 2020) ak nan **Sware Reyinyon Retounen nan Lekòl la (Back to School Night)** (24 Septanm 2020). Tanpri make kalandriye w.

**PREZANS ELÈV LA**

- Yo atann ke elèv yo ale lekòl chak jou, swa nan espas vityèl la oswa yon fwa yo pwograme pou yo retounen nan biling lan. Prezans elèv la pral pran pandan homeroom (premye klas la) epi answit, pa chak pwofesè pandan ansèyman senkwonik/senkwonize yo. Sa a pral fèt **Lendi-Faz En (1) an ak nan Faz De (2)** a pandan enstriksyon ki pa senkwonik yo **Lè Mèkredi**, elèv yo dwe siyen nan premye salklas yo (homeroom) pou yo ka anrejistre prezans yo. Elèv yo dwe ranpli ak soumèt devwa ki asiyen pou jounen an.

- Si pitit ou a pral absan, tanpri fè pwofesè yo ak sekretè yo konnen, Ms. Price - [PriceReg@orange.k12.nj.us](mailto:PriceReg@orange.k12.nj.us) oswa Ms. Carr- [CarrDomi@orange.k12.nj.us](mailto:CarrDomi@orange.k12.nj.us). Ou ka jwenn yo tou nan telefòn nan 973-677-4515 chak Lendi, Madi, Jedi, ak Vandredi.
- Règleman Prezans Distri a ak Eta a toujou an efè pandan ansèyman vityèl ak jou ak orè abreje ak repati yo.

## ANGAJMAN

- Yo atann ke tout elèv angaje yo nan lesion yo epi patisipe aktivman, menm jan si yo te chita nan sal klas la. Sa a se yo atant pou tou de ansèyman senkwonik ak ki pa senkwonik. Se yon atant pou **tout matyè** ke yo asiyen elèv yo.
- Tout elèv yo dwe gen aksè nan platfòm/tribin asiyé ki kominike pa pwofesè yo nan ansèyman an. Sa a se yon fason elèv yo pral angaje yo nan ansèyman an ak aprantisaj pandan tan sa a. Tanpri asire ke elèv ou yo angaje yo jan sa endike nan orè li oswa.

## KOMINIKASYON

- Genyen kapasite pou kominike avèk paran nou yo enpòtan anpil. Tanpri asire ke tout enfòmasyon ou yo mete ajou. Ou pral resevwa apèl nan men sekretè nou yo pou tcheke epi mete ajou enfòmasyon ou nan Genesis la.
- Pòtal Paran yo pral mwayen pou gen aksè nan tout enfòmasyon enpòtan elèv ou a, pwogrè li / klas li, manke devwa, ak lòt enkyetid ki ta ka gen enpak sou pèfòmans elèv ou a oswa byennèt li. Si ou pa't fè sa, tanpri asire ke ou enskri pou Pòtal Paran (Parent Portal). Nou planifye pou bay fòmasyon pou ede ou avèk sa.
- Tanpri koute mesaj telefòn plon gaye ke nou voye pa Lekòl la ak / oswa pa Distri a. Yo enkli enfòmasyon enpòtan ak konsèy. Sa a se menm pi enpòtan nan tan ensèten sa yo.
- Tanpri kontinye swiv nou sou medya sosyal nou yo. Distri a ak Lekòl la sèvi ak platfòm/tribin sa yo pou bay enfòmasyon mizajou, pataje etap enòtan selebrasyon yo, ak jis tcheke ak fanmi nou yo. Ou ka itilize mwayen tankou: **Twitter @ rpcs369; Instagram @ rosaparks369**
- Fòm yo -Fòm yo pral distribye oswa adistans oswa pandan distribisyonyòs yo, ki pral fèt pou aparèy elektwonik ak materyèl yo. Kòm toujou, fòm sa yo trè enpòtan epi yo dwe konplete. Fòm sa yo dwe ranpli epi retounen / soumèt pa pita ke **18 Septanm 2020**.

## **MANJE MATEN ak MANJE MIDI “PRAN epi ALE” (GRAB-and-GO)**

Distri a ap kontinye bay pake manje maten ak manje midi “Pran epi Ale” (“Grab-and-Go”) a, pandan tout faz vityèl / a distans la san yo pa koute fanmi yo anyen, nan plizyè kote/lokasyon pou vin pran. Kote yo chwazi yo se:

- OECC (gen ladann elèv ki soti nan Cleveland Street School), ki localize nan 397 Park Avenue
- Scholars Academy, ki localize nan 268 Capuchin Way
- Forest Street School, ki localize nan 651 Forest Street
- Heywood Avenue School, ki localize nan 421 Heywood Avenue
- Lincoln Avenue School, ki localize nan 216 Lincoln Avenue
- Oakwood Avenue School, ki localize nan 135 Oakwood Avenue
- Park Avenue School, ki localize nan 231 Park Avenue
- Rosa Parks Community School, ki localize nan 369 Main Street

Tanpri sonje ke tout kote yo pral òganize pwogram “Pran epi Ale” (Grab and Go) manje maten / manje midi yo pral fèt soti 7:30 AM jiska 1:30 PM; Lendi jiska Vandredi. Elèv yo ka vin pran manje yo nan nenpòt nan lokal ki nan lis pi wo a.

**Distans sosyal ansanm ak mete yon mask obligatwa lè yo rapòte nan tout kote sa yo. Li enpòtan pou sonje ke, yon fwa ke elèv yo resevwa manje maten / manje midi yo, pran epi ale (grad and go) a nou atann ke yo retounen nan kay respektif yo.**

Sitwayen nan Rosa Parks Community School yo pran angajman pou kenbe yon estanda ki wo nan entegrite, responsabilite, respè, fyète, koutwazi, ak sekirite. Nou fyè pou edike elèv nou yo jodi a epi ankouraje yo pou yo “Leave your mark/Kite mak ou” kòm lidè pou demen.

Kòm toujou, mwen akeyi opinyon w. Tanpri santi w alèz pou pataje tout enkyetid, sigjesyon, oswa ide ou yo pou ede asire ke nou gen yon bon ane lekòl , an sante, ak pwodiktif. Ou kapab ka jwenn mwen nan [josephde@orange.k12.nj.us](mailto:josephde@orange.k12.nj.us) oswa nan 973-677-4515.

Se patnè avèk ou,

*Debra Joseph-Charles*  
Debra Joseph-Charles, Ed.D.

Direktris